# Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қахраман Сариев Тәжикстан Республикасының Өзбекстан Республикасындағы елшиси Абдужаббор Рахмонзоданы қабыл етти

**Image not found or type unknown**

Бүгин Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қахраман Сариев Тәжикстан Республикасының Өзбекстан Республикасындағы елшиси Абдужаббор Рахмонзоданы қабыл етти.

Ушырасыўда Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қахраман Сариев Өзбекстан менен Тәжикстан арасындағы беккем дослық байланысларын орнатыўға қосқан үлеси ушын өзиниң миннетдаршылығын билдирди.

Image not found or type unknown

Кейинги жылларда әмелге асырылған реформалар нәтийжесинде Өзбекстан менен Тәжикстан арасындағы қатнасықлар атап айтқанда, саўда-экономикалық, мәдений-гуманитар ҳәм басқада тараўлар раўажланып атырғанлығы атап өтилди.

Қарақалпақстан Тәжикстан менен өз-ара бирге ислесиў жойбарларын еледе кеңейтип, ҳәр тәреплеме пайдалы шәртнамалар дүзиўге таяр екенлигин билдирди Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қахраман Сариев.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети